# NOUVO LWA NAN ETA FLORID KONSÈNAN EKRI TÈKS PANDAN MOUN AP KONDI MACHIN

DEPOZE TELEFÒN NAN

*Apati premye jiyè 2019*
**yon moun ki ekri tèks sou telefòn li pandan l ap kondi machin, yo konsidere sa  kòm yon enfraksyon.**

## Si lapolis wè w ap fè sa, yo kapab rete machin ou epi ba w kontravansyon pou sa

**Premye enfraksyon**
**$30**

**Dezyèm enfraksyon**
**$60**
nan 5 an

**Y ap wete pwen sou lisans ou**
**3** pwen sou lisans ou pou yon dezyèm enfraksyon
OUBYEN
**6** pwen sou lisans ou si sa lakòz yon aksidan








Yo pa pèmèt moun sèvi ak okenn telefòn pòtab pandan y ap kondi machin nan zòn kote gen yon lekòl oubyen kote y ap travay sou yon wout, *esepte si w ka pale sou telefòn nan san w pa kenbe li oubyen si w gen bloutout.*

**PA** voye tèks bay moun padan w ap kondi machin.

**PA** telefone moun padan w ap kondi machin.

**PA** gen anyen ki merite ou pèdi lavi w pou granmesi.

**#PutItDown #FocusOnDrivingFL**

FDOT www.fdotmiamidade.com/putitdown

# Ki sa sa vle di kondi machin pandan lòt bagay ap distrè w?

Kondi machin pandan lòt bagay ap distrè w se lè nenpòt lòt aktivite kapab retire atansyon w sou kondi w ap kondi a kòm aktivite prensipal ou. Tout lòt distraksyon se bagay ki mete lavi ni chofè, ni pasaje, epi ni moun ki nan lari a an danje.




**Lè yon moun ap kondi machin gen 52% chans gen yon bagay k ap distrè li**

## DISTRAKSYON KI KOMEN:

- Pale ak lòt granmoun oswa ak jènjan ak jènfi ki nan machin nan (15%)
- Sèvi ak yon telfòn pòtab (6%)
- Manyen sistèm pou kontwole tanperati nan machin nan oubyen manyen radyo a (4%)

*Enfòmasyon sa a soti nan: Centers for Disease Control and Prevention (CDC)*

## Sa ILLEGAL an Florid pou moun voye tèks pandan y ap kondi machin.

**95%** chofè panse lè moun voye tèks pandan y ap kondi machin sa distrè yo.

**35%** chofè di yo fè sa kanmèm.



*Enfòmasyon sa a soti nan: State Farm Insurance Co.*

FDOT

PUT IT DOWN
DEPOZE TELEFÒN NAN